Waxi yonent yi,
jëm ci Almasi bi

Diirub junniy at yonenti Yàlla wax nañu lu bare ci Almasi bi, di Rammukat, biy ganesi àddina.

Moo tax Yeesu Kirist mu tedd mi nee na :
« "Xanaa du Almasi bi dafa waroona daj boobu coono te dugg ci ndamam ?" Noonu mu tàmbalee ci yonent Yàlla Musaa ba ci yonent yépp, tekkil léen li Mbind mi wax lépp ci ay mbiram. »
(Luug 24.26-27)

Te ndawul Yàlla Piyeer teg ca ne :
« Yonent yépp seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar ci turam. »
(Jëf ya 10.43)

Jukki nanu fi nag li yonent yi yégle, ak ni seen wax ame ci Almasi bi Yeesu. Ngir gàttal mbind mi, bind nanu saar 8, aaya 10 ba ci aaya 14 nii— 8.10-14. Yem nanu ci téereb ndawu Yàlla lu tedd Macë.

Yonent Yàlla :	Lu jiitu Kirist (at)	Nee na :	Ni mu amee ci Kirist (Macë) :
Esayi 7.14	740	Dina juddu ci ku masula ànd ak góor.	1.20-23
Mise 5.1	739	Dina juddu ci dëkku Betleyem.	2.4-6
Ose 11.1	760	Dina ganeji réewu Misra.	2.14-15
Esayi 40.3 Malasi 3.1	740 450	Yonent Yàlla Yaxya dina ko jiitu.	3.1-3
Esayi 8.23–9.1	740	Dina waare ci diiwaanu Galile.	4.12-17
Esayi 53.4	740	Dina gàddu sunuy naqar.	8.16-17
Esayi 42.1-4	740	Dina yékkati ñi seen yaakaar tas.	12.17-21
Sakari 9.9	520	Dina war mbaam-sëf, dugg Yerusalem.	21.1-5
Sakari 11.12	520	Dees na ko wor ci fanweeri poseti xaalis.	26.14-16
Sakari 13.7	520	Ay taalibeem dinañu ko bàyyi.	26.31
Esayi 50.6	740	Nit ñi dinañu tifli ci kawam.	26.67
Daawuda ci Sabóor 22.19	990	Dinañu séddale ay yéreem.	27.35
Esayi 53.12	740	Dina dee ci biir ñu bon.	27.38
Esayi 53.6 Sabóor 22.2	740 990	Yàlla dina ko sëf bàkkaaru nit ñépp.	27.45-56
Yunus 1.16–2.1 Sabóor 16.10	790 990	Ca ñetteelu fan ba dina dëkki.	12.38-40 28.5-6
Dañeel 7.13-14	605	Dina délsi ci biir ndam.	24.29-31